



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FÒMASYON KONSÈY KONSILTATIF LA POU  
SIPÒTE ENSTITISYON KI BAY PRÈ NAN KOMINOTE KOULÈ YO**

*Li anonse yon pwopozisyon pou kreye patenarya ak CDFI yo pou bay ti biznis ki nan plis nesosite yo 150 milyon dola apre apwobasyon federal plan an*

*Òganize yon tablewonn sou otonomi finansyè pou sipòte kominote nwa ak mawon yo avèk Doktè Hazel Dukes, ki se Prezidan NAACP New York State Conference lan*

Gouvènè Kathy Hochul te òganize jodi a yon tablewonn nan Bronx ki konsantre sou fason Eta New York ka ankouraje rekiperasyon ekonomik nan kominote nwa ak mawon yo ak Prezidan NAACP la Doktè Hazel Dukes, epi li te anonse nouvo efò pou konbat rasis estriktirèl ki entegre nan sistèm finansye a ak sipòte kominote pwogram prè kominotè inovan ak sèvis devlopman ekonomik ki konsantre sou atenn kominote koulè yo. Evènman an te rasanble lidè kominotè yo, Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè yo (Community Development Financial Institutions, CDFIs), Enstitisyon Depo Minoritè yo (Minority Depository Institutions, MDIs), Sendika Kredi yo ak pwopriyetè ti biznis yo.

"Pandimi a te afekte kominote koulè yo yon fason ki pa pwopòsyonèl, sa kii elaji eka richès rasyal la ak ekspoze rasis estriktirèl ki entegre nan sistèm finansye nou an ki te anpeche Nouyòkè yo reyalize pwosperite ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Li enpòtan pou nou ouvri liy kominikasyon yo, leve òganizasyon yo nan premye plan travay sa a, epi travay ansanm pou jwenn solisyon ki pi efikas yo. Administrasyon mwen an pran angajman pou sipòte enstitisyon pretè kominotè yo ki pote zouti ak sèvis finansye bay kominote ki defavorize yo, e nouvo konsèy konsiltatif sa a pral ede asire rekiperasyon ekonomik nou an apre pandemi an jis ak ekitab pou tout Nouyòkè yo."

CDFI yo ak MDI yo se enstitisyon finansye ki chita sou misyon yo ki jwe yon wòl enpòtan nan bay aksè ak sèvis ak pwodwi finansye pou kominote ki istorikman defavorize epi ki pa resevwa ase sèvis bankè, sitou kominote koulè yo.

Nan evènman an, Gouvènè Hochul te anonse plan li pou Eta a kreye patenarya ak CDFI yo pou bay plis pase 150 milyon dola finansman bay ti biznis ki nan plis nesosite yo, sou apwobasyon federal plan Eta a. Sa fè pati bidjè pou Ane Fiskal (Fiscal Year, FY) 2023 Gouvènè Hochul la ki te pwopoze yon pake asistans san parèy pou ti biznis

yo ki gen ladann plis pase 500M dola pou Eta New York atravè Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta (State Small Business Credit Initiative) federal la pandan plizyè ane k ap vini yo. Pou rive atenn ti biznis ki nan plis nesesite sa yo, sa pral mande pou yo travay sere ak patnè nou yo sou tèren an, tankou CDFI yo, MDI yo, ak sendika kredi yo. Komisè Enterimè ak Direktè Egzekitif Jeneral yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight, pral travay avèk lidè kominotè yo pou administre fon sa yo apre apwobasyon federal plan Eta a.

Gouvènè Hochul te anonse tou yon nouvo konsèy konsiltatif CDFI ak MDI ki agreye pa Eta New York ki dwe dirije pa Sipè-entandan DFS la Adrienne Harris. Nouvo konsèy sa a pral ogmante enkyetid espesifik CDFI ak MDI New York yo pou sipòte kominote koulè yo epi asire bezwen yo satisfè. Kòm yon fowòm travay epi ki aktif, nouvo konsèy la pral diskite sou fason pou modènize règleman yo epi sipòte enstitisyon sa yo pou pi byen sèvi kominote yo.

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare,** "CDFI Eta New York yo te sèvi kòm yon kout men pou anpil ti biznis pandan pandemi COVID-19 la, yo te bay asistans kapital enpòtan epi yo te konekte biznis yo ki tradisyonèlman defavorize an tèm finansman eta ak federal. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, yo pral kontinye jwe yon wòl enpòtan pandan n ap fè presyon pou yon rekiperasyon ekonomik ki pi enklizif ak konplè."

**Sipè-entandan pa Enterim Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne Harris, te deklare,** "CDFI ak MDI yo se yon katalizè vital pou konstwi richès nan kominote minorite yo epi asire yon sistèm finansye dirab ki fonksyone pou tout Nouyòk yo. Konsèy Konsiltatif Depatman Sèvis Finansye a pral bay yon fowòm enpòtan pou CDFI/MDI yo ki agreye pa Eta Nouyòk la, epi li pral pèmèt Depatman Sèvis Finansye yo travay ansanm ak enstitisyon sa yo pou sipòte etablisman ak kwasans ti biznis yo, sa k ap ankouraje travay ak aktivite ekonomik atravè Eta nou an."

Travay sa a bati sou plan 1 milya dola Gouvènè Hochul la pou sipòte ti biznis yo. Plan sa pral investi nan kwasans ak retansyon ti biznis yo alvani, kredi enpo pou ti biznis ki fè depans ki gen rapò ak COVID la, finansman inisyal pou etabli nouvo biznis, bay sibvansyon fleksib pou ti biznis ki nan faz devlopman yo, etann prè pou ti biznis, ak ede ti biznis yo kenbe kontra yo. Apre apwobasyon federal plan Eta New York nan kad Inisyativ Kredi Eta a pou Ti Biznis yo te adopte kòm yon pati nan Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an, ke yo te soumèt bay Trezò Ameriken an nan kòmansman mwa sa a, Administrasyon an pral travay ak CDFI yo pou bay ti biznis ki nan plis nesesite yo plizyè milyon dola finansman. Gouvènè a te diskite tou sou angajman kontinyèl Eta a pou bay 5 milyon dola nan sibvansyon pou CDFI yo pandan senkan pou sipòte aksè ak sèvis bankè ki an sekirite ak abòdab nan kominote ki istorikman defavorize yo epi ki gen revni fèb yo atravè Eta New York. DFS ak ESD dènyèmman [te anonse](#) premye prim ki soti nan Fon Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (Community Development Financial Institution Fund) Eta New York la.

**Senatè James Sanders Jr. te deklare,** "Antanke Prezidan Komite Sena a pou Bank yo, mwen fyè pou m sipòte Gouvènè Hochul nan efò sa a ki pral ede pwopriyetè ti biznis yo lè yo diminye règleman k ap toufe yo epi ogmante prè bankè nan kominote ki defavorize yo. Envestisman finansye Eta sa a enpòtan sitou pandan Nouyòkè yo ap lite pou yo retounen nan estabilite ak kwasans anvan pandemi an."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Mank aksè a sèvis bankè ak finansye nan kominote ki defavorize epi ki gen revni fèb nou yo afekte twòp Nouyòkè, men sitou kominote koulè nou yo. CDFI ak MDI yo jwe yon wòl enpòtan nan ekipe kominote ki istorikman defavorize nou yo lè yo bay biznis, moun, ak plis ankò ki pa resevwa ase sèvis bankè, sèvis ak pwodui finansye ki enpòtan anpil yo. Pandan n ap chèche nouvo fason pou rann sektè bankè ak finansye nou yo pi ekitab, mwen akeyi kreyasyon yon nouvo konsèy pou adrese espesyalman enkyetid lokal yo epi sipòte kominote yo ki pa resevwa ase sèvis bankè atravè Eta New York. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sa a, e antanke Prezidan Komite Bank yo nan Asanble a, mwen pa ka tann pou mwen travay avèk li pou asire ke tout kominote New York yo, men sitou sa ki gen koulè yo, yo sèvi yo yon fason ekitab ak jis nan sektè sèvis bankè ak finansye nou an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)